



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU JOUNEN FÈT PAPA YO  
POU MANDE ENSPEKTÈ JENERAL DEPATMAN SEKIRITE ENTERYÈ A POU LI  
MENNEN ANKÈT SOU TRETMAN FANMI IMIGRAN YO SOU FWONTYÈ A**

“Jounen Fèt Papa sa, separasyon timoun yo de paran yo sou fwontyè nou an sa peze lou sou konsyans nasyon nou an. Yo pa dwe janm fòse okenn paran separe de pitit yo, epi tretman inimen ke administrasyon sa bay fanmi yo se yon echèk moral epi yon trajedi imèn. Antan ke papa twa pitit fi, mwen pa ka imajine doulè ak soufrans ke paran sa yo ap fè fas a yo lè yo retire pitit yo anba mwen yo sou fwontyè a.

Kounye a Trump ap itilize fanmi sa yo kòm yon zouti negosyasyon pou fè vanse pwòp kalandriye politik li. Prezidan an ap fè politik ak nanm moral nasyon sa, epi sa dwe fini.

Nan kòmansman mwa sa, mwen te mande Enspektè Jeneral Pa Enterim nan Depatman Sekirite Enteryè an (Department of Homeland Security) pou li mennen ankèt sou taktik malonèt epi ki ilegal nan kèk ka yo ke ICE te itilize. Kounye a mwen mande Enspektè Jeneral Pa Enterim nan kisa ke biwo li an ap fè konsènan daso y’ap fè sou fanmi imigran ki sou fwontyè nou yo.

Nan New York, nou kanpe ak kominote imigran an. Nou sonje ke, amwens ke nou se yon Ameriken Natif Natal, nou tout te imigran yon lè nan peyi sa, epi nou konnen ke divèsite nou se pi gwo fòs nou. Nou pral leve kanpe fas a daso gouvènman federal lan ap fè sou imigran yo epi nou pral batay pou valè Amerikèn yo ki te konstwi eta sa ak nasyon sa”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)